

Enfòmasyon sou Vaksen pou Paran

2026

NJHealth
New Jersey Department of Health



Kesyon yo Poze Souvan: Vaksinen Pitit Ou

Poukisa vaksen yo toujou nesesè?

Maladi tankou lawoujòl, tous koklich, ak varisèl pa disparèt. Si pitit ou pa vaksinen, li gen plis chans pou li malad, epi maladi a ka vin grav. Lè mwens moun vaksinen, maladi sa yo ka gaye byen vit epi afekte anpil fanmi.

Èske vaksen yo san danje?

Yo teste vaksen yo ak anpil atansyon anvan yo bay yo epi yo kontinye verifye sekirite yo. Pifò efè segondè yo lejè, tankou yon bra fè mal oswa yon ti lafyèv, epi yo pase byen vit. Reyaksyon grav yo ra anpil, epi maladi yo anpeche yo pi danjere anpil.

Èske mwen ka separe oswa sote vaksen pou pitit mwen?

American Academy of Pediatrics (AAP) te prepare kalandriye vaksinasyon an pou pwoteje timoun yo nan bon moman yo. Si ou retade oswa separe piki yo, pitit ou ka pa pwoteje lè sa pi enpòtan, epi li ka malad oswa transmèt maladi bay lòt moun.

Pwogram Vaksen pou Timoun

Kalandriye Vaksinasyon American Academy of Pediatrics (AAP) Rekòmande

Pou plis enfòmasyon sou vaksen yo, vizite nj.gov/health/vaccines

Lyen ki mennen sou sit ekstèn yo se pou enfòmasyon sèlman. Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health, NJDOH) pa andose ni pran responsablite pou kontni, presizyon, oswa opinyon yo eksprime sou sit twazyèm pati yo.

Me 2026

NJHealth
New Jersey Department of Health

Èske engredyan ki nan vaksen yo san danje?

Wi. Yo itilize engredyan vaksen yo nan kantite ki piti anpil epi ki san danje. Chak pati gen yon wòl, tankou ede kò a devlope pwoteksyon oswa kenbe vaksen an estab. Yo teste yo ak anpil atansyon. Yo verifye sekirite a tout tan, epi kantite yo itilize yo byen pi ba pase nenpòt kantite ki ta ka lakòz domaj.

Èske pran vitamin, fè egzèsis, epi gen yon rejim alimantè ki bon pou sante ka ranplase bezwen vaksen yo?

Non. Bon abitid pou sante enpòtan, men yo pa ka ranplase vaksen yo. Manje byen epi rete aktif ede kenbe pitit ou an fò, men se vaksen yo ki montre kò a kijan pou li konbat maladi espesifik. Pou pi bon pwoteksyon an, ou bezwen toude.

E si mwen pa kapab peye pou vaksinen pitit mwen an?

Pwogram Vaksen pou Timoun (Vaccines for Children Program, VFC) la se yon pwogram gouvènman federal la finanse ki bay vaksen gratis pou timoun fanmi yo pa kapab peye. Pou plis enfòmasyon sou VFC, vizite nj.gov/health/vaccines/programs/vfc. oswa eskane kòd QR ki anba a.



Pwogram Vaksen pou Timoun (VFC)

Kalandriye Vaksinasyon AAP Rekòmande

Pou plis enfòmasyon sou vaksen yo, vizite nj.gov/health/vaccines

Lyen ki mennen sou sit ekstèn yo se pou enfòmasyon sèlman. NJDOH pa andose ni pran responsablite pou kontni, presizyon, oswa opinyon yo eksprime sou sit twazyèm pati yo.

Me 2026

NJHealth
New Jersey Department of Health

Kijan Pou Fè Vaksinasyon bay Pitit Ou Mwens Estrès



Konsole yo ak yon jwèt yo pi renmen, liv, oswa dra.

Dekonsantre pitit ou nan karese l, chante oswa pale tou dousman.

Souri epi fè yo konnen tout bagay OKE.

Pran yon gwo souf ak pitit ou an ki p gran an pou ede l afwonte laperèz ak malèz li pandan l ap pran piki a.

Fè yo sonje nou pran vaksen pou nou rete an sante.

Pa pale di ak pitit ou an poutèt li pè oswa l ap kriye; ba li rekonfò ak sipò pito.

Pou rete ajou ak kalandriye vaksinasyon pitit ou a, eskane kòd QR ki anba a.

Pou plis enfòmasyon sou vaksen yo, vizite nj.gov/health/vaccines

Lyen ki mennen nan sit ekstèn yo se pou rezon enfòmasyon sèlman. NJDOH pa andose oswa pran responsablite pou kontni, presizyon, oswa opinyon ki eksprime sou nenpòt lòt sit yo.

Me 2026

NJHealth
New Jersey Department of Health

Enfòmasyon sou Vaksen: Ki kote nou ka jwenn verite a?



1 Verifye sous la

- Sèvi ak òganizasyon sante ou ka fè konfyans tankou Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics) oswa Kowalisyon pou Aksyon sou Vaksinasyon (Immunization Action Coalition).
- Asire w otè a se yon ekspè medikal, pa yon enfliyansè oswa yon selebrite.

2 Verifye enfòmasyon an

- Asire w enfòmasyon an ajou.
- Chèche tèks ki klè epi ki ekri yon fason pwofesyonèl (san anpil erè).
- Chèche done, pa sèlman opinyon.
- Verifye si lòt sous ou ka fè konfyans di menm bagay la.
- Fè atansyon ak mesaj ki prezante yon sèl bò oswa ki fè reklam sou "gerizon mirak".
- Poze kestyon sou mesaj ki ankouraje teyori konplo (pa egzanp, ki fè konnen doktè yo oswa gouvènman an ap kache "verite a").
- Fè atansyon ak mesaj ki sèvi ak mo ki fè pè oswa ki dramatik pou atire atansyon w (tankou "toksik" oswa "danjere").

3 Poze kestyon

- Si ou gen dout sou mesaj la, pa pataje li.
- Si ou pa sèten enfòmasyon an kòrèk, pale ak founisè swen sante ou.

4 Resous sou Enfòmasyon sou Vaksen

- aap.org
- voicesforvaccines.org/resources
- vaccineinformation.org

Lyen ki mennen sou sit ekstèn yo se sèlman pou bay enfòmasyon. NJDOH pa andose oswa pran responsablite pou kontni, presizyon, oswa opinyon ki eksprime sou nenpòt lòt sit yo.



NJHealth
New Jersey Department of Health

Konsèy pou Rete ajou sou Vaksen yo

- **Pwograme vizit swen sante pou timoun ki an sante epi swiv orè vaksen yo rekòmande a lè w ap pran randevou vaksinasyon pitit ou a.[1]**
- **Swiv vaksen pitit ou yo lè w enskri nan Sèvis Enfòmasyon sou Vaksinasyon New Jersey (New Jersey Immunization Information Service, NJIIS).[2]**
- **Si ou menm oswa yon moun ou konnen bezwen asistans pou peye vaksinasyon timoun yo, vizite sit entènèt Vaksen pou Timoun Pwogram (Vaccines for Children Program, VFC) la pou wè si ou kalifye.[3]**
- **Pou evite reta nan kòmanse lekòl, lekòl matènèl oswa gadri, konnen ki direktiv lekòl ou ak eta ou genyen konsènan vaksinasyon yo.[4]**
- **Bay pitit ou yo yon bon egzanp lè w asire ou menm ak lòt granmoun nan fanmi an ajou tou ak vaksinasyon yo.**

1. Orè Vaksinasyon AAP
2. njiis.nj.gov/docs/NJIIS_Your_Best_Shot
3. nj.gov/health/vaccines/programs/vfc
4. nj.gov/health/cd/imm_requirements

Lyen ki mennen sou sit ekstèn yo se pou rezon enfòmasyon sèlman. NJDOH pa andose ni pran responsablite pou kontni, presizyon oswa opinyon yo eksprime sou sit twazyèm pati yo

Me 2026



NJHealth
New Jersey Department of Health

Rete ajou epi vaksinen

Vaksinen pitit ou yo alè ka ede yo rete an sante pandan y ap grandi.

Jwenn pwoteksyon bonè

Vaksinen anvan pitit ou ekspoze ak maladi danjere. Tann jiskaske lekòl kòmanse ka pa bay ase tan pou vaksen yo aji.

Ale lekòl ak patisipe nan aktivite san reta

Vaksinen pitit ou yo alè pou yo ka kòmanse nouvo ane lekòl la, antre nan yon ekip espò oswa aktivite an gwoup, epi vwayaje san reta.

Evite konplikasyon ki gen rapò ak maladi

Kèk maladi ka lakòz konplikasyon grav (pa egzanp, menenjit ka mennen nan pèt tande, COVID-19 ka mennen nan difikilte pou respire). Vaksinasyon ka ede anpeche pwoblèm alontèm sa yo rive.

Anpeche maladi gaye

Pran vaksen ede anpeche maladi gaye epi pwoteje moun ou renmen yo ak lòt manm kominote a, espesyalman sila yo ki twò piti pou pran vaksen oswa sila yo ki gen gwo risk pou maladi.

Rete pwoteje

Orè vaksinasyon an fèt ak anpil atansyon pou bay pwoteksyon nan moman ki egzak la. Kèk vaksen bezwen bay plis pase yon fwa pou maksimize pwoteksyon pitit ou a.

Pwoteje Pitit ou yo ak Vaksen



NJHealth
New Jersey Department of Health

Men kote ou ka vaksinen:

- Founisè swen sante w la
- Depatman sante lokal yo
- Sant Sante ki Kalifye Federalman

Pou wè si ou kalifye pou pwogram Vaksen pou Timoun (Vaccines for Children program) nan, vizite:

nj.gov/health/vaccines/programs/vfc

Me 2026